# «Ирон æвзаг æмæ национ культурæйы бæрæгбон».

**Амонæг (Бутаты Кæринæ)**

**Худæг (Уалыты Эльмирæ)**

**Дудæг(Дудиаты Зитæ)**

Фæндыры цагъдмæ сывæллæттæ бацæуынц  залмæ æмæ æрлæуынц бандæтты цур.

**Амонæг**: Ацы бонты Ирыстоны адæм бæрæг кæнынц «Ирон æвзаг æмæ национ культурæйы бæрæгбон».

Уый фæдыл мах дæр абон æрымбырд стæм, цæмæй нæ рæсугъд  ирон æвзаджы кад дæлæмæ ма руадзæм.

Алы ирон адæймаг дæр  хъуамæ зона йæ мадæлон æвзагыл аив дзурын, хъахъæнайæ.

Æз уарзын мæ райгуырæн зæхх, мæ фыдæлты æгъдæуыттæ æмæ сыл мæ зæрдæ никуы сивдзынæн.

Иронау куы фæдзурын, уæд мæ зæрдæйы сæвзæрынц рæсугъд æнкъарæнтæ.

Афтæ мæм фæкæсы, цыма бæстæ фæрайдзаст дæр вæййы,хур тынгдæртавын райдайы,цъиуытæ хъæлдзæгдæр базарынц.

**Амонæг:** Байхъусæм зарæг «**Мæ райгуырæн бæстæ»** мæ.

**Амонæг:** Алы адæмыхаттæн дæр йæ мадæлон æвзаг у æппæтæй стырдæр хæзна. Ирон æвзагыл фыстой æмæ фыссынц нæ хуыздæр поэттæ се мдзæвгæтæ…

Байхъусæм сæм:

Мадæлон æвзаг.

Дзур, мæ къона, дзур иронау,

Азтæ атæхдзысты бонау.

Хорз лæг уыдзынæ кæддæр,

Бахъæудзæн дæ гъеуæд сæр.

Базон кафын æмæ зарын,

Зон дæ адæмы нымайын

Ма у не гъдæуттæн ызнаг

Уарз дæ мадæлон æвзаг.

**Дуарæй æрбахысты Худæг æмæ Дудæг.**

**Дудæг:** Мæнæ диссаг, Худæг, алцы та дæм худæг кæсы, дæхи дарын куыд нæ зоныс. Ирон æгъдæуттæй æппындæр ницы зоныс, иронау дæр куы нæуал фæдзурыс, худæг дæ куы æрцахсы, уæд.

**Худæг**: Астав – ма, дæ хорзæхæй, кæкой ирон æвзаг. Мæнæ – ма посмотри, сколько сывæллæттæ æмæ какие рæсугъдтæ. Интересно, ай кæм стæм?

**Дудæг**: Уæ бон хорз, сывæллæттæ, зææгъут – ма нын, кæдæм æрбафтыдыстæм æмæ уæм цавæр бæрæгбон ис?

**Амонæг:** Æгас нæм цæут, сымах æрбацыдыстут рæвдауæндон «Аргъауымæ». Фæлæ ма нын уæхи бацамонут.

**Худæг**(худгæйæ): Æз Худæг, ай та Дудæг (Дудæг æм мæсты каст кæны).

**Амонæг:** Кæд уæ фæнды, уæд лæуут æмæ бакæсут нæ сывæллæттæ ирон æвзаг куыд уарзынц æмæ сæ мадæлон æвзагыл куыд рæссугъд дзурынц, уымæ.
**Дудæг**: Федтай, Худæг, мæнæ байхъус æмæ базонай, иронау куыд дзурын хъæуы,уый.

**Худæг:** Æртæккæ посмотрим.

**Сывæллæттæ кæсынц æмдзæвгæтæ**:

**Амонæг:** Сывæллæтæ, æртæккæ уын æз бакæсдзынæн æмдзæвгæтæй иугай рæнхъытæ, æмæ сымах та хъуамæ базонат цавæр зынгонд номимæ баст сты?

- «Къонайыл хуыссы, аргъæуыттæ мысы…»

- «Куыд хъæрæй зарыс, нæ буц лæппуйы хуыссын нæ уадзыс…»

- «Кæй фырт дæ?Толайы! Кæм уыдтæ?»

- «Æнгуырдар – Дзывылдар кæм хæтыс зымæг...»

**Сыв.:** Хеттæггаты Къостайымæ.

**Амонæг**: Раст загътат,тынг хорз сывæллæттæ.

Ирон адæм сæ сæр бæрзæндты хæссынц æмæ Хеттæггаты Къостайы нымайынц ирон æвзаг æмæ литературæйы бындурæвæрæг.

**Мæнæ куыд фыста Чджемты Геор:**

Зарджытæ сабитæн

Чи фыста, чи уыд?

Чи радта ирæттæн

Диссаджы чиныг?

Чи уыд? –

Куыд чи уыд! –

Уарзон Къоста!

Саурихи, саæрфыг

Сауцæст Къоста!

**Амонæг**: Ирон æвзаг нын уæлдай адджындæр уымæн у, æмæ Къоста иронау кæй фыста. Мах дæр сабитимæ нæ уарзон Æрыдоныл сахуыр кодтам рæсугъд зарæг, байхъусæм ма йæм.

(Æрыдоны зарæг)

**Худæг**: Мæнæ цы зонджын сты,куыд хорз зонынц Къостайы æмдзæвгæтæ.

**Дудæг:** Уæ цæрæнбон бирæ, Худæгæн йæ сæры зонд чи бауагъта, кæнод уæдæ ирон æвзагыл æрвæрсгæ дæр нал кодта.

**Худæг:** Гæды ныхæстæ кæныс, Дудæг!

**Амонæг**: Хорз,хорз,быцæу ма кæнут,фæлтау дарддæр бакæсут нæ бæрæгбонмæ.

Ныхас сабиимæ.

Бауарз мадæлон æвзаг,

Уымæй нæй зынаргъдæр,

Балымæн у йемæ тагъдæр,

Науæд ын уыдзынæ знаг.

Не взаг дын дæтдзæни цин,

Ивадзæн дæм мадау къухтæ,

Æмæ, зон, зæххыл æдзухдæр

Цардæн ды уыдзынæ фсин.

Не взагæн куы кæнай аргъ,

Бузныг дæ уыдзæн нæ бæстæ,

Никуы скæндзæн дæу йæ фæстæ,

Зон, уыдзынæ йын зынаргъ.

Ирон æвзаг нæ дзыллæйы хæрзиуæг

Дæ кад ыстъалыйау æнустæм ртивæд

Ирон дзырдтæй мæ зæрдæйы ныффыстон.

Нæй уарзондæр мæнæн дæуæй Ирыстон.

Ирон ныхас – ирон дзыллæйы кад.

Мæ чысыл Ир, дæ бонæй у, дæ бонæй,

Кæй зонынц, дæу цæрæнбонты иронæй.

Кæй дын кæны ирон æвзаг лæггад.

**Дудæг:** Мæнæ куыд рæсугъд дзурынц иронау.

**Худæг:** Уым диссагæй ничего нету, подумаешь. Уæдæ ма мын скажите:

- Цал боны ис къуырийы? (Авд)

- Рудзынджы астæу цы вæййы? (Авг)

- Æхсыры сæртæй цы схауы? (Царв)

- Нæ сæрмæ цъæх цы дары? (Арв)

**Дудæг:** Ныр та цæм цымæ цавæр æдылы фæрстытæ дæттыс, Худæг, уыдон уыдæттæ рагæй зонынц.

**Худæг**: Мæнæ какие зонджын сывæллæттæ! Вот теперь мын худинаг у, куыд дзæбæх рæсугъд дзурут иронау сымах. Æз дæр абонæй фæстæмæ дзурдзынæн æрмæстдæр иронау.

**Дудæг:** Мæнæ диссаг, Худæг, æндæрхатт дæ сахуыр кæндзысты, ныр та бафæлладысты æмæ уый бæсты ирон хъæзтытæй ахъазæм.

**Худæг**:Сывæллæттæ, уарзут хъæзтытæ? Уæдæ хорз.

( дондзау – чызджыты хъазт).

Байхъусæм æмдзæвгæтæм:

Ирон фæндыр (*дзуры сыв.)*

Ирон фæндыр нын баззади фыдæлтæй,

У махæн та нæ хæзнаты хуыздæр.

Ирон фæндыр … Рæсугъд зæрдæйы фæндтæй

Уый равзæрди, уый райгуырди кæддæр

Æнæ фæндыр нæ фидауы Ирыстон,

Æнæ фæндыр мæгуырдæр кæны зæхх.

Фæндырдзæгъдæг, дæ цагъдмæ дын ныхъхъуыстон,

О, исты мын йæ цины зæлтæй зæгъ.

Амонæг: Алы ирон бæрæгбон дæр фидауы зард æмæ кафтæй. Ныр та бакæсут нæ сабитæ куыд рæсугъд кафынц.

КАФТ «Бæхтыл кафт».

Сывæллæттæ кафынц.

**Амонæг:** Нæ абоны бæрæгон кæронмæ æрхæццæ. Цины бæрæгбæтты æмбæлут.

Искуы æндæр горæтты куы уат, уæддæр ма куы ферох кæнут уæ уарзон мадæлон æвзаг.

Уарзут уæ мадæлон æвзаг, ма рох кæнут ирон æгъдæуттæ.